Pou Piblikasyon Imedya: 17/8/2016 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE JAMAICA PRAL RESEVWA 10 MILYON DOLA NAN KAD INISYATIV REYABILISASYON ANBA LAVIL LA

Eta a Ap Kolabore ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la pou Revitalize Anba Lavil Jamaica

Pwojè NYCREDC a Ap Transfòme Sant Vil Jamaica, Kreye Travay epi Ranfòse Ekonomi Lokal la

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse yo chwazi anba lavil Jamaica pou li resevwa 10 miliyon dola nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Vil New York. Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ki te anonse pou premye fwa nan diskou sou sitiyasyon eta a Gouvènè a te pwononse an 2016 la, se yon plan konplè pou transfòme katye lokal yo an kominote dinamik kote pwochen jenerasyon moun New York la ap anvi viv epi travay.

Konsèy Devlòpman Ekonomik Rejyonal Vil New York eta a te chwazi vil ki genyen an nan kad yon pwosesis konpetisyon e vil sa a ap resevwa finansman 10 milyon dola pou revitalize katye lokal yo epi kreye nouvo opòtinite pou kwasans ak pwosperite dirab. 10 milyon dola yo akòde a ap enkli plis pase 300,000 dola kòm fon planifikasyon pou ekspè ki nan sektè prive yo ka travay ak komite planifikasyon lokal yo pou elabore yon Plan Envestisman Stratejik k ap idantify projè espesifik pou devlopman ekonomik, transpò, lojman ak kominote. Sibvansyon sa a fè pati yon efò 100 milyon dola pou amelyore vitalite anba lavil toupatou nan eta a. Tout plan yo ap fini nan kòmansman 2017.

Gouvènè Cuomo te di: “Katye anba lavil yo se kè kominote atravè eta a e lè nou envesti nan revitalizasyon yo, sa se kle pou kreye kwasans nan tout eta a. Lè n kapitalize sou etablisman ansèyman siperyè ak pilye kiltirèl ak divèsite Jamaica yo, n ap transfòme l an yon leman pou opòtinite k ap kontinye atire envestisman prive epi kreye aktivite ekonomik pou jenerasyon k ap vini yo. Sa se kòmansman yon nouvo chapit nan istwa siksè ekonomi Jamaica e mwen enpasyan pou wè sant dinamik Queen sa fè pwogrè.”

Prezidan Gouvènè Adjwen Devlòpman Ekonomik Rejyonal la, Kathy Hochul te deklare: “Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil san presedan Gouvènè Cuomo an konfime ke lè n devlope sant iben yo, sa se kle pou chanje atitid yo epi mennen moun tounen nan kominote nou yo. Mwen temwen jan revitalizasyon anba lavil la ka

transfòme tout yon rejyon. Ak sipò Konsèy Rejyonal lan, se sa n'ap atann nou ki pou rive isit la."

Jamaica, Queens nan Vil New York
Antanke yon kominite dinamik aktivite melanje ki gen yon sant vil ak yon sant tranzit miltimodal, Jamaica, Queens sou pwen pou yon nouvo nesans. Anba lavil Jamaica a ap fè fas ak yon vag envestisman prive ak piblik nan enfrastrikti, lojman, lopital, komès detay ak travay. DRI a ap konsolide envestisman piblik ak prive ki egziste deja yo atravè yon estrateji konplè k ap maksimize atou kominote a pou l vin yon kominote ki pa chè, abitab e ki dirab pou rezidan, travayè ak vizitè li yo.

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil
Se ansyen Sekretè Deta New York lan, Cesar A. Perales, k ap dirije Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ak yon ekip planifikatè ki soti nan Depatman Deta avèk ekspè ki soti nan sektè prive, ak sipò Empire State Development, Divizyon Renovasyon Kay ak Kominote, epi lòt ajans eta yo.

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Vil New York la peze sèt kritè lè l ap chwazi vil ki deziyen yo:

1. Katye ki vize a dwe konpak epi byen defini.
2. Anba lavil la, oubyen sant li, ta dwe ase gwo pou jere yon anba lavil aktif pandan tout ane a; li ta dwe gen yon popilasyon ki la deja oubyen k ap ogmante ki pa twò lwen, ke anba lavil sa a ap sant prensipal la.
3. Anba lavil la ta dwe kapitalize sou envestisman prive ak piblik ki nan katye a epi ak sa ki pa lwen, oubyen atire envestisman sa yo.
4. Ta dwe gen yon ogmantasyon nan kantite djòb resan, oswa k ap vini, oswa tou pre anba lavil la ki ka atire travayè, soutni redevlopman epi fè devlopman an dirab.
5. Anba lavil la dwe gen imèb oubyen karakteristik ki kontribye, oswa ki ta ka kontribye a atraksyon epitou ki fasilite lavi anba lavil la, si yo amelyore yo, ki se, prezans espas miks yo ka devlope, lojman nan diferan nivo pri ak stil, ri komèsyal prensipal pou biznis ak komès detay, ki enkli mache pou manje ki bon e ki pa koute chè, kote pou moun mache ak woule bisiklèt, epi plas piblik ak kote pou moun rasanble.
6. Anba lavil la ta dwe genyen oubyen endike kijan li ka kreye règleman ki fasilite kalite lavi, ki enkli bank kredi agrikòl lokal, kòd iben modèn, plan lari konplè oswa devlopman ki akse sou transpò; epi
7. Dwe gen sipò lokal ak kominotè pour revitalizasyon anba lavil la. Lidè lokal yo ak entèvenan yo dwe pran angajman pou elabore epi aplike yon plan envestisman stratejik pou anba lavil la.

James S. Rubin, Delege Renonovasyon Kay ak Kominote Eta New York la, te deklare: "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la se yon lòt egzanp apwoch inovasyon Gouvènè Cuomo pou devlopman ekonomik. Pandan n ap konsolide byen ki egziste deja yo ki enkli lojman bon kalite ki gen magazen ak lòt enstalasyon pou moun diferan nivo revni, n ap ede anba lavil yo atenn potansyalite yo antanke kote ki atiran e ki bon

mache pou moun ka viv epi travay, pi byen. Felisitasyon pou 10 kominote ki fè gwo efò pou genyen finansman sa a. M'ap tann pou mwne wè rezilta yo."

Cesar A. Perales, Prezidan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la te di: "Se avèk anpil plezi mwen te travay ak tout Konsèy Devlòpman Ekonomik Rejyonal yo pandan tout pwosesis ki akse sou kominote sa. Manm REDC yo te gen yon travay difisil anpil pou yo fè chwa pami tout gwo kandita yo nan chak rejyon. M'ap di RDEC yo mèsi epi m'ap di kominote ki genyen yo konpliman."

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal

Sizyèm etap inisyativ REDC a pral atribye jiska $750 milyon dola finansman pou eta a ak prim sou taks. An 2016, tout 10 REDC yo ap fè konpetisyon pou yo jwenn deziyasyon pou pi bon pèfòmans. N ap chwazi senk sa ki gen pi bon pèfòmans yo pou yo resevwa jiska 25 milyon dola finansman Empire State Development lan, avèk senk lòt rejyon k ap resevwa jiska 10 milyon dola. Anplis, chak rejyon ap kalifye pou apeprè 15 milyon dola nan Kredi Taks Excelsior pou ede atire epi devlope biznis nan rejyon an.

Pami priyorite Konsèy Rejyonal yo pou 2016 la, genyen:

- Plan pou Kore Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la, epi kòmanse idantifye pwojè priyoritè nan kominote ki detèmine a;
- Aplikasyon estrateji nan pwojè k ap devlope yo;
- Fòmasyon mendèv la pou jodi a ak demen; epi
- Mezi pèfòmans ak pwogrè plan estratejik ak pwojè CFA yo.

Lè yo motive aplikasyon plan stratejik yo, Konsèy Rejyonal yo, biznis yo, enstitisyon akademik, gouvènman lokal yo, gwoup charite yo ak lòt entèvenan yo gen plis motivasyon pou travay ansanm epi reyalize vizyon rejyonal lan. Pandan n ap bay tout 10 Konsèy Rejyonal finansman pou pwojè atravè CFA 2016 la, konpetisyon an konsantre sou pèfòmans ak aksyon pou aplike estrateji Konsèy Rejyonal lan. Ankouraje koperasyon reyèl ant REDC yo ak reprezantan kominote yo enpòtan anpil pou rive jwenn siksè nan devlòpman ekonomik.

Anplis 10 milyon dola ki disponib pou kominote ki genyen nan Inisyativ Revitalizasyo Anba Lavil la, ajans eta yo ap bay pwen priyorite atravè CFA a pou pwojè adisyonèl pou revitalizasyon anba lavil ki fèt pou transfòme kominote ki pare pou yo devlope an katye vivan k ap bouje.

Palmantè Gregory M. Meeks te di: "Jamaica se youn nan pyè presye nan kouwòn Vil New York e finansman sa ap fè vizyon kolektif nou an avanse pi lwen pou kwasans alavni. Anba lavil Jamaica a nan mitan yon nouvo nesans e katye sa sèvi antanke yon sant anime pou biznis, tranzit ak kilti. Finansman ki akòde a ki se yon pati nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ap kontinye tandans k ap vanse sa epi ede transfòme ekonomi nou an pou atire djòb ki byen peye ak nouvo biznis nan sant anba lavil nou an. Mwen felisite Gouvènè Cuomo pou jan li envesti nan avni kominote, vil ak rejyon nou an."

Senatè Leroy Comrie te di: “Ak etablisman ansèyman, sant kiltirèl ak enfrastrikti transpò premye klas k ap vanse yo, Jamaica se yon kominote k ap pwogrese. Finansman sa ap konsolide bon pwogrè nou te fè, lè nou envesti nan lojman bon mache, amelyore mwayen pou mache nan katye dinamik sa epi atire nouvo opòtinite pou komès detay ak biznis pou ane k ap vini yo. Mwen kontan pou travay ak Gouvènè Cuomo pou kenbe dinamik pou fè pwogrè nan Jamaica ak lòt kote.”

Palmantè Vivian E. Cook te di: “Anba lavil Jamaica se youn nan katye ki pi divèsifye sou plan kiltirèl ak ekonomik nan Vil New York. Avèk finansman DRI sa, n ap an mezi pou prezève karakteristik istorik li pandan n ap ouvri wout pou kwasans alavni ak pwosperite k ap kontinye tou. Lè nou asire nou ke Jamaica rete yon kote ki solid pou viv e pou travay, sa santral nan plan estratejik nou an – e mwen kontan pou travay ak konsèy rejyonal la pou reyalize vizyon sa. Mèsi Gouvènè Cuomo pou lidèchip ekstraòdinè ou e paske ou wè tout potansyèl Jamaica.”

Prezidan Awondisman Queens la, Melinda Katz te deklare: “Queens felisite Gouvènè Cuomo pou prevwayans li nan avni Anba Lavil Jamaica. Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la se yon pwogram k ap gen enpak sou trajektwa Jamaica. Finansman jenere sa ap konsolide Plan Aksyon kominote a ki kreye epi dirije nan Jamaica KOUNYE A e ki nan wout pou kwasans ak revitalizasyon entelijan zòn nan aktyèlman. Finansman an ap pèmèt gen envestisaman kle pou favorize opòtinite enfrastrikti, lojman ak komès detay, k ap mennen nouvo kwasans ekonomi epi kreye djòb. Yon eleman enpòtan nan Plan Aksyon Jamaica KOUNYE A enkli kapasite nou pou asire ke katye dinamik sa rete yon destinasyon ki bon mache pou fanmi yo – e envestisman sa ki soti nan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Gouvènè a ap ede fè sa egzakteman. Mwen kontan pou patenarya k ap kontinye nou an pou nou pote kwasans ak pwosperite nan Queens.”

PDG Greater Jamaica Development Corporation, Hope Knight te di: “Nou rekonesan a Gouvènè Cuomo ak Konsèy Rejyonal Vil New York la paske yo rekonèt potansyèl zòn anba lavil nou an. Finansman DRI sa ap pèmèt nou kontinye fè ekonomi Queens lan pwogrese, kreye djòb epi transfòme enfrastrikti transpò nou an. Lè nou konsolide pwogrè ekstraòdinè nou te fè nan ane ki pase yo, envestisman sa ap fòtifye Jamaica epi asire ke zòn sa rete yon kote ki presye pou viv, travay epi fonde yon fanmi pou jenerasyon k ap vini yo.”

###